

Chak Ajans Lojman (HA) fèt pou siyen yon kontra patisipasyon avèk chak fanmi elijib ki chwazi pou yo patisipe nan pwogram FSS la. Chak HA dwe pran kontak ak otorite lokal yo pou li devlope yon plan daksyon kap gen ladan n deskripsyon bagay sa yo: dimansyon, karakteristik ak bezwen popilasyon ke pwogram FSS li pwopoze a pral sèvi; sèvis ak aktivite li pral ofri yo; kijan pwogram nan pral aplike; resous piblik e prive ki pral pèmèt pwogram nan aplike; yon kalandriye ki montre diferan faz aplikasyon pwogram nan; ak tout lòt done k ap nesese pou HUD asire yon aplikasyon kwòdone sèvis ak aktivite pwogram nan.

Daprè kalkil ki fèt, rapò piblik sou koleksyon enfòmasyon sa a ap dire 1.0 èdtan an mwayèn pou chak moun –ladan genyen tan ki nesese pou revise enstriksyon, fè rechèch sou done ki deja egziste, kolekte e konsève done ki nesese yo, epi konplete e revize koleksyon enfòmasyon yo.

Pou moun patisipe nan pwogram FSS nan, repons pou koleksyon enfòmasyon sa a se yon bagay obligatwa dapre lalwa (Seksyon 23 (c) ak (g) Lwa Federal sou Lojman 1937, jan Seksyon 554 Lwa Federal Cranston-Gonzalez sou Lojman Abòdab (PL 101-625) mande sa a. Enfòmasyon ki rasanble sou fòm sa a se enfòmasyon sekre ke Lwa sou Vi Prive a pwoteje. Lwa sou Vi Prive a mande pou yo kenbe dosye sa yo anba pwoteksyon administratif, teknik e fizik ki nesese pou garanti sekirite yo ak karaktè konfidansyèl yo. Answit, dosye sa yo dwe gen pwoteksyon kont nenpòt menas previzib kont sekirite yo ak entegrite yo ki ta kapab lakoz moun ke enfòmasyon sa yo konsène a, pran kou, sibi anbara, kontraryete oubyen enjistis. HUD pa gen dwa reyalye ni patwone yon koleksyon enfòmasyon –e yon moun pa oblije bay enfòmasyon sa yo – si koleksyon an pa gen sou li yon nimewo kontwòl OMB ki aktyèlman valab.

## Enstriksyon HA Pou Aplike Kontra Patipasyon FSS la

### Pati ki konsène nan Kontra a/Siyati

Chèf fanmi k ap patisipe a dwe se yon granmoun nan fanmi an ki responsab fwaye kòm moun k ap travay pou fè lajan e ki kapab lwe kay.

### Dire Kontra a

Dat efektif la se premye jou nan mwa a, apre dat kote fanmi an ak yon reprezantan HA te siyen kontra a.

Dat ekspirasyon an se 5 an aprè dat kontra a kòmmanse a.

Si HA a deside pwolonje dire kontra a, fòk yo pase yon kwa sou dat orijinal ekspirasyon an ki parèt sou paj 1 kontra a, e yo dwe ajoute nouvo dat ekspirasyon an.

Si fanmi an bwote dapre règleman HCV sou transfè kontra-lwaye a e si l pral patisipe nan pwogram FSS ke yon lòt HA ofri, dat efektif kontra ant fanmi an ak nouvo HA a se premye jou mwa ki vini apre dat kote fanmi an ak reprezantan nouvo HA a siyen kontra a. Dat ekspirasyon kontra ant nouvo HA a e fanmi an DWE se menm ak dat ekspirasyon kontra ant premye HA a ak fanmi an.

### Kont Kondisyonèl FSS

Chif pou revni ak lwaye k ap enskri sou paj 1 an kapab sòti nan kantite lajan ki nan dènye re-egzamen ou nan detèminasyon pwovizwa ki te fèt anvan fanmi an te kòmmanse patisipe pou la premye fwa nan pwogram FSS la, sòf si plis pase 120 pral pase ant dat efektif re-egzamen an ak dat efektif kontra patisipasyon an. Si plis pase 120 jou deja pase, HA a dwe fè yon nouvo egzamen oubyen yon nouvo detèminasyon pwovizwa.

Si fanmi an bwote dapre règleman HCV sou transfè kontra-lwaye a, e si l pral patisipe nan pwogram FSS ke yon lòt HA ofri, biwo HA kap resevwa l la dwe sèvi ak kantite lajan ki enskri pou revni anyèl la (*annual income*), lajan moun nan fè (*earned income*) ak pri lwaye fanmi an peye a; done sa yo twouve yo sou paj 1 kontra ki te siyen ant premye biwo HA a ak fanmi an.

### Chanjman nan kontra a

Kontra patisipasyon sa a kapab chanje sèlman pou modifiye dire kontra a, chanje chèf fwaye a, oubyen plan fòmasyon pèsònèl ak sèvis yo.

Tout chanjman chèf fwaye a, dapre kontra a, dwe vini kòm yon atachman yo ajoute sou kontra a. Atachman an dwe gen ladan n non moun yo deziye kòm nouvo chèf fwaye a ak yon reprezantan HA, siyati nouvo chèf fanmi an ak siyati yon reprezantan HA a epi dat yo siyen an.

Tout chanjman –kit se yon sèl, kit se plizyè– nan plan fòmasyon pèsònèl ak sèvis yo dwe vini kòm yon revizyon nan plan fòmasyon pèsònèl ak sèvis yo; e yo va ajoute chanjman sa a (sa yo) nan plas apwopriye a. Revizyon an dwe gen ladan n bagay ki chanje a, siyati patisipan an ak siyati yon reprezantan HA a, ak dat yo siyen an.

Pou pwolongasyon dire kontra a, tcheke seksyon “**Dire Kontra a**”.

Si, 12 mwa apre dat kontra a antre an aplikasyon, yon fanmi k ap patisipe nan pwogram HCV FSS la bwote ale andeyò jiridiksyon HA dapre règleman HCV sou transfè kontra-lwaye, yon HA dwe pran youn nan aksyon sa yo:

- (1) Premye HA a kapab pèmèt fanmi an kontinye patisipe nan pwogram FSS la, si fanmi an rive montre li kapab respekte responsablite famiyal li jan sa di nan kontra konsènan nouvo

lojman an e si premye HA a dakò ak sa. Nan ka sa a, kontra ki te deja egziste a rete an aplikasyon san chanjman. Premye HA a dwe transfere balans ki sou kont-an-bank kondisyonèl fanmi an lè nouvo HA fin resevwa fanmi an nèt.

- (2) HA k ap akeyi fanmi an, kapab pèmèt fanmi an patisipe nan pwogram FSS pa l la. Si sa fèt, premye HA a dwe mete fen nan kontra li ak fanmi an. Se konsa tou, premye HA a dwe transfere balans kont kondisyonèl fanmi an, lè nouvo HA k ap akeyi fanmi an fin resevwa fanmi an nèt. HA ki resevwa fanmi an dwe siyen yon nouvo kontra ak fanmi an.

- (3) Sizoka fanmi an pa kapab satisfè obligasyon famiyal li nan nouvo lojman an, e si nouvo HA a pa pèmèt fanmi an patisipe nan pwogram FSS li, kontra ant premye HA a ak fanmi an ap pran fen e fanmi an ap pèdi lajan li te genyen nan kont kondisyonèl FSS la.

### Plan Fòmasyon Pèsònèl ak Sèvis

Kontra a dwe gen ladan n yon plan fòmasyon/antrènman pèsònèl ak sèvis pou chèf fanmi an. Lòt manm fanmi an ki genyen 18 tan ou plis, kapab deside swiv yon plan fòmasyon ak sèvis pèsònèl, si HA a dakò ak sa.

Resous ak sèvis dapui ke chak manm fanmi dwe resevwa, fèt pou parèt sou yon lis nan plan fòmasyon pèsònèl ak sèvis la ki ajoute sou kontra patisipasyon an.

Paj 1 plan fòmasyon pèsònèl ak sèvis chak patisipan, genyen sou li plas vid pou patisipan an mete objektif final la ak premye objektif pwovizwa ki nesese pou l reyalye objektif final la. Lòt paj yo ofri yon fòm pou anrejistre chak objektif pwovizwa ak enfòmasyon egzat ki gen rapò ak reyalyasyon objektif la. Premye paj plan chak patisipan dwe gen siyati patisipan an ak reprezantan HA a.

Objektif pwovizwa yo dwe defini ak presizyon ansanm ak aktivite e sèvis ki nesese pou reyalye yo. Pa egzanp, yon manman kap viv pou kont li avek pitit e ki gen kòm objektif pwovizwa pou l fini lekòl segondè li, byen kapab genyen pou l mennen plizyè aktivite diferan e fè plizyè sèvis anvan pou l atenn objektif sa a. Pami aktivite ak sèvis sa yo, kapab genyen transpò, sèvis pwofesè ak gadri pou timoun yo.

Tout dat ki montre fen yon aktivite nan kad plan fòmasyon pèsònèl ak sèvis la, fòk se jou kontra patisipasyon an ekspire a oubyen yon dat ki vini anvan sa.

Youn nan objektif pwovizwa pou fanmi k ap resevwa asistans sosyal yo, se pou yo vin endepandan vizavi asistans sosyal pandan o mwen 12 mwa suivi anvan fen kontra a. Tout fanmi k ap resevwa asistans sosyal **fèt pou** gen sa enskri kòm yon objektif pwovizwa e sou plan fòmasyon pèsònèl ak sèvis chèf fwaye a.

Objektif final ki enskri sou plan fòmasyon pèsònèl ak sèvis chèf fanmi an, dwe gen ladan yo nesese pou l jwenn e kenbe yon travay konvenab ki koresponn ak talan, edikasyon, fòmasyon pwofesyonèl li, e ak chans pou moun jwenn travay ki disponib nan zòn nan.

### Ankourajman

Si HA deside ofri lòt ankourajman nan kad pwogram FSS la, ankourajman sa yo kapab twouve yo nan plan fòmasyon pèsònèl ak sèvis la, oubyen sou fòm yon atachman ki ajoute sou kontra sa a.

*Dokiman sa a se tradiksyon yon dokiman legal HUD pibliye. HUD mete tradiksyon sa a a la dispozisyon ou kòm yon senp mwayen konvenab pou ede w konprann dwa w ak obligasyon w. Vèsyon dokiman sa a ki nan lang angle, se sèl dokiman ki ofisyèl, legal e ki gen valè. Dokiman tradui sa a se pa yon dokiman ofisyèl.*